

Teks MC Isra Miraj Bahasa Sunda

Assalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.

Sampurasun.

Mimiti pisan, simkuring ngaturkeun hatur nuhun anu sakalintang ageungna kana sagala perhatian sareng kasumpingan Bapa Pupuhu (ngaran sakola/pesantren/tempat).

Anu ku simkuring dipihormat,

Bapa Ustad (.....),

Bapa sareng Ibu Guru sadayana,

Sarta réréncangan sadaya anu ku simkuring dipikadeudeuh.

Mugia urang sadaya tiasa ngahaturkeun puji sinareng syukur ka Gusti Allah SWT, Nu Maha Kawasa, Nu Maha Welas Asih. Ku rahmat sareng karunia-Na, dina ieu dinten urang tiasa kumpul patepang raray dina kaayaan sehat, dina raraga ngalaksanakeun Peringatan Isra Mi'raj Kangjeng Nabi Muhammad SAW.

Sholawat sareng salam mugé salawasna ngocor ka jungjunan urang sadaya, Kangjeng Nabi Muhammad SAW, ka kulawargina, para sohabatna, dugi ka urang salaku umatna, mugia sadayana nampi syafa'atna dina dinten kiamat. Aamiin ya Rabbal 'alamin.

Hadirin sadaya anu dipihormat,

Dina kasempetan ieu simkuring dipasihkeun amanah pikeun janten panata acara, anu bade ngiring ngantunkeun jalanna kagiatan Isra Mi'raj. Adapun runtuyan acara anu bade urang laksanakeun nyaeta:

1. Bubuka
2. Maos ayat suci Al-Qur'an sareng sholawat Nabi
3. Laporan Ketua Panitia
4. Pamapag ti Pupuhu (sakola/pesantren/jst)
5. Tausiyah
6. Doa sareng panutup

Supados acara tiasa lumangsung kalayan lancar tur pinuh ku barokah, hayu urang sami-sami muka ieu kagiatan ku maca basmalah.

Bismillahirrahmanirrahim.

Hadirin anu ku simkuring dipihormat,

Nincak kana acara kadua, nyaeta pamaosan ayat suci Al-Qur'an dilajengkeun ku sholawat Nabi.

Ka Sadérék (ngaran pamaos Al-Qur'an), sumangga dihaturan.

(Maos ayat suci Al-Qur'an sareng sholawat)

Hatur nuhun ka Sadérék anu parantos ngalantunkeun ayat-ayat suci Al-Qur'an. Mugia janten pamekar iman sareng katakwaan urang sadayana.

Salajengna, acara katilu nyaeta laporan ti Ketua Panitia Pelaksana.

Ka Sadérék (ngaran Ketua Panitia), mangga dihaturan ka payun.

(Laporan Ketua Panitia)

Hatur nuhun kana laporan anu parantos didugikeun.

Hadirin sadaya, urang teraskeun kana acara kaopat, nyaeta pamapag ti Pupuhu (sakola/pesantren/jst).

Ka Bapa (ngaran), waktos sinareng tempat sumangga dihaturanan.

(Pamapag Pupuhu)

Hatur nuhun ka Bapa Pupuhu anu parantos maparin pamapag sareng pituduh anu mangpaat.

Salajengna, urang lebet kana acara inti, nyaeta tausiyah Isra Mi'raj.

Ka Bapa Ustad (.....), waktos sinareng tempat dihaturanan.

(Tausiyah)

Hatur nuhun ka Bapa Ustad anu parantos ngadugikeun tausiyah anu pinuh ku hikmah. Mugia janten élmu anu mangpaat sareng barokah pikeun urang sadayana.

Hadirin anu dipikadeudeuh,

Nincak kana acara pamungkas, nyaeta doa panutup anu bade dipingpin ku Bapa Ustad (.....).

Sumangga dihaturanan.

(Doa)

Hatur nuhun ka Bapa Ustad anu parantos mingpin doa. Mugia sadaya doa urang dikabul ku Allah SWT. Aamiin.

Sateuacan acara ieu dipungkas, hayu urang sami-sami maca hamdalah.

Alhamdulillahirabbil 'alamin.

Akhir kecap, simkuring salaku panata acara nyuhunkeun hapunten bilih aya kakirangan atanapi kalepatan dina lumangsungna acara.

Billahi taufiq wal hidayah,

Wassalamu'alaikum warahmatullahi wabarakatuh.